

# Jwenn Èd Pou Peye Fakti Ou

Enfòmasyon sa a se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman AdventHealth oswa yon pwofesyonèl swen sante ki afilye ak li. Ou kapab gade yon lis etablisman AdventHealth yo nan www.adventhealth.com. Paske nou se yon lopital konfesonèl, nou bay tout pasyan swen medikal, menm sa yo ki gen difikilte pou peye pou sèvis yo paske yo pa gen mwayen. Ou kapab mande èd pou peye fakti ou nenpòt lè pandan ou entène lopital la oswa pandan pwosesis faktirasyon an.

## Pou Kalifye Pou Èd

Si ou resevwa sèvis ijan oswa sèvis nesesè pou rezon medikal epi ou pa gen asirans medikal nan yon asirans komèsyal oswa pwogram gouvnemantal, gen posiblite pou kalifye pou asistans finansyè. Kantite asistans la ap depann selon revni ou fè chak ane ak kantite moun nan fanmi ou. Si revni chak ane ou egal a 200% Gid Pòvrete Federal la oswa pi piti, ou kapab pa oblige peye fakti ou a.

Gid Pòvrete Federal Ane 2021	
Kantite moun nan kay la	200% Pòvrete
1	\$25,760
2	\$34,840
<b>Pou chak moun an plis, ajoute \$4,540</b>	

Si revni ou pa nan nivo gid la pou peye tout fakti a nèt, ou kapab toujou kalifye pou resevwa èd pou peye tout fakti ou a. Ou kapab kalifye selon lòt faktè nan aplikasyon ou a tou.

## Pou Aplike Pou Èd

Ou kapab aplike pou èd pou èd ak fakti ou swa an pèsòn, pa lapòs oswa pa telefòn. Pou resevwa yon aplikasyon, rele depatman Sèvis Klyantèl nou, vizite sit entènèt nou oswa ale nan sèvis anrejistreman pasyan nan lopital nou an. W ap jwenn nimewo telefòn, sit entènèt ak adrès nou nan seksyon asistans finansyè sou sit entènèt nou an ak sou premye paj dokiman sa a lè li enprime. Enfòmasyon sa a disponib nan lòt lang sou sit entènèt nou oswa nan sèvis anrejistreman pasyan an tou.

## Swen Ijan ak Swen ki Nesesè Pou Rezon Medikal

Si ou kalifye pou èd pou peye fakti ou, yo p ap mande ou pou peye plis pou swen ijan oswa swen ki nesesè pou rezon medikal pase sa yo mande moun ki gen asirans yo peye. Nou konpare kantite pasyan ki gen asirans ak sa konpayi asirans yo peye pou deside konbyen ou dwe. Ou kapab gade prensip charite nou sou sit entènèt nou.

## Dokiman Sipò

Si ou vle patisipe nan pwogram asistans finansyè nou an, w ap responsab pou bay enfòmasyon ak dokiman nou bezwen yo a tan. W ap bezwen pataje tout efòmasyon sou avantaj sante, revni, byen, ak nenpòt lòt bagay ki kapab ede nou deside si ou kalifye pou asistans. Dokiman nou kapab bezwen se relve labank, fòm deklarasyon taks ak sous chèk travay.

## Aktivite Koleksyon

Nou kapab voye fakti ou pa peye 100 jou apre dat premye fakti a bay yon ajans koleksyon. Nou kapab voye fakti ou pa peye 120 jou apre dat premye fakti a sou kredi ou menm oswa garan ou. Ou menm ak garan ou kapab ranpli yon aplikasyon pou aplike pou èd ak fakti ou nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.

# Aplikasyon Pou Asistans Finansyè

(Ou dwe ranpli tout pati amwenske li make pou w pa fè sa)

Siyati, Prenom Pasyan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	*Kantite Moun Nan Kay la	Revni Chak Ane Kay la 12 Dènye Mwa yo \$
Si se Yon Minè, Siyati, Prenom Garan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Sous Revni Garan an	
Veykil Nan Kay la tankou Machin/ Bato/RV (Ane/Mak/Modèl)  (Si ou vle bay li)	Balans Kont Kouran/Depay  (Si ou vle bay li)	Pwopriyete ou Genyen ak Valè yo  (Si ou vle bay li)	Balans Kont CD/ Retrèt/ Envestisman  (Si ou vle bay li)	Lòt byen  (Si ou vle bay li)
Adrès Pasyan an		Nimewo Telefòn Lakay	Sl revni ou se \$0, tanpri chwazi youn:	
Vil, Eta, Kòd Postal		Lòt Nimewo Telefòn		Ap viv ak Fanmi
				Ap viv ak Zanmi
				Nan Retrèt
				Nan Chomaj
				Andikape
				San kay

Tanpri li sa avan ou siyen. Mwen **SÈTIFYE** tout enfòmasyon mwen bay sou sitiyasyon finansyè mwen konplè ak egzat daprè tout konesans mwen. M ap aplike swa poukонт mwen oswa ak asistans anplwaye nan lopital la pou NENPÒT ak TOUT ASISTANS ki kapab disponib nan sous gouvènman federal, eta, lokal ak prive pou peye pou fakti lopital sa a. Mwen konprann si mwen pa kopere ak lopital mwen lè li mande mwen enfòmasyon, yo kapab refize aplikasyon mwen pou asistans finansyè posib. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmisyon epi mwen otorize ajan ki gen otorizasyon nan pwogram Medicaid la pou pataje ak lopital mwen an TOUT enfòmasyon sou sitiyasyon aplikasyon Medicaid mwen epi si yo ap te apwouve aplikasyon an ak rezon yo pa te apwouve li a. Mwen ap TRANSFERE bay lopital ki ba mwen swen an TOUT LAJAN mwen resevwa nan sous yo ki anwo a, yo ta ban mwen pou ede ak FAKTI L OPITAL mwen. Mwen menm, sou non mwen, ak pou fanmi mwen, reprezantan, doktè, konseye (ak pastè/prèt ladan) ak avoka ki otorize, dakò pou kenbe an sekrè nenpòt komunikasyon alekri ak/oswa diskisyón ant mwen ak lopital ki ba mwen swen sou sa ki gen pou wè ak sèvis lopital la ban mwen. Mwen konprann lopital ki ba mwen swen an ap verifye enfòmasyon mwen bay yo, tankou ak ajans rapò sou kredi, epi AJANS FEDERAL ak/oswa ETA lòt ajans kapab verifye enfòmasyon sa yo tou lè li nesesè. Mwen OTORIZE travay mwen pou bay lopital ki ba mwen swen an prèv revni mwen. Mwen REKONÈT si yo te dekouvi nenpòt enfòmasyon mwen bay yo se manti, lopital ki ba mwen swen an ap re-evalye sitiyasyon finansyè mwen epi fè sa ki vin apwopriye. **Pou kalifye pou asistans, ou kapab bezwen bay omwen yon dokiman sipò ki verifye revni kay la. Kèk dokiman sipò kapab dènye deklarasyon enpo, yon W- 2 resan, yon lèt sipò notarye, ak plis bagay toujou. Yo kapab refize demann ou pou asistans si ou pa bay dokiman sipò. Si gen nenpòt rès lajan ou pa peye yo kapab pran plis aksyon koleksyon pou touche lajan an.** [Kandida eta Florida : Lwa Florida s.817.50 (1). Nenpòt moun, ki fè fwodak volonte epi ak entansyon, pou jwenn oswa eseye jwenn machandiz, pwodwi oswa sèvis nan nenpòt lopital nan eta sa a ap koupab yon krim dezyèm degré, epi pinisyon li ap selon sa ki nan s.775.082 ou s.775-083.]

Pou asistans ak aplikasyon sa a, tanpri rele (407) 303-0500.

---

Siyati Aplikan/Garan

---

Dat Li Ranpli

\*Lè w ap kalkile kantite moun ki nan kay la, se sèlman moun sa yo ki konte: 1) Fanmi san ou ki rete nan kay la, 2) Fanmi pa mary-aj ki rete nan kay la, ak 3) Fanmi pa adopsyon legal ki rete nan kay la.

**Pa Ekri Pi Ba a**

Reason for Service	GAI	DOS	Family Size	Total Charges	
1.0x \$	1.5x \$	2.0x \$	25% Rule		
Recommendation for account disposition					
Finance Committee Disposition					
_____ Manager		_____ Date		_____ Director	
				_____ Date	

### Objektif

AdventHealth (AH) pran angajman pou ekselans nan bay bon jan kalite swen sante pandan n ap reponn ak divès kalite bezwen moun yo k ap viv nan zòn sèvis nou an genyen. AH gen konviksyon ke swen dijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal moun pa chwazi fè yo ta dwe aksesib pou tout moun, kèlkeswa laj, sèks, zòn jeyografik,

orijin kiltirèl, mobilite fizik, oswa kapasite pou peye. AH pran angajman pou bay sèvis swen sante epi li rekonèt ke nan sèten ka yon moun ka pa gen mwayen pou I peye pou sèvis li resevwa yo. Objektif politik sa a se pou konfòme I avèk Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn lan (Internal Revenue Code) lan ak règleman ki adopte dapre Kòd la epi yo dwe entèprete ak aplike I annakò avèk règleman sa yo. Òganis k ap dirije chak etablisman lopital AH te adopte politik sa a annakò avèk règleman yo ki nan Seksyon 501(r).

AH bay pasyan yo swen dijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal moun pa chwazi fè yo, san I pa fè diskriminasyon kèlkeswa kapasite pasyan yo pou peye, kapasite pou yo kalifye pou èd finansye, oswa disponiblité kouvèti tyès pati. Sizoka kouvèti tyès pati sa pa disponib, yo fè yon alokasyon chak ane dekwa pou gen lajan ki disponib pou èd finansye. Tout kote sa posib, konseye finansye a ap antreprann yon evalyasyon kalifikasyon pou èd finansye anvan lè yo entène, oswa nan moman y ap entène moun lan. Politik sa a idantifye sikonstans kote yon òganizasyon lopital AH oswa yon antite ki esansyèlman lye ak òganizasyon lopital AH la (yon patenarya ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal epi òganizasyon lopital AH la gen yon enterè pwopriyete nan antite a) ta dwe bay swen san frè baze sou bezwen finansye moun lan.

Politik èd finansye a bay direktiv pou èd finansye yo bay pasyan endividylèl ki kalifye k ap peye pou pwòp tèt yo ak pasyan endividylèl ki kalifye ki dwe balans apre yo fin itilize asirans yo, k ap resevwa sèvis dijans oswa lòt sèvis ki nesesè pou rezon medikal yo pa chwazi fè baze sou bezwen finansye yo.

Epitou politik èd finansye sa a bay direktiv pou kantite lajan yo ka fè tout pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki resevwa sèvis ki nesesè pou rezon medikal yo peye. Yo p ap bay rabè sou èd finansye ki baze sou bezwen finansye pou pwosedi moun chwazi fè yo, eksepte jan sèl etablisman lopital AH la gendwa jije apwopriye selon ka.

Yo defini sèvis moun pa chwazi fè yo kòm yon pwoblèm medikal kote si yo pa resevwa swen pou pwoblèm medikal la imedyatman I ap:

- Mete sante moun lan nan danje grav
- Lakòz pwoblèm grav nan fonksyon kò oswa malfonksyonman grav nan yon ògàn nan kò a.

Kalite pasyan ki sipoze kouvari anba definisyon sa a gen ladan, men pa sèlman:

- Pasyan Ekstèn Depatman Dijans yo
- Pasyan ki Entène nan Depatman Dijans yo
- Swivi IP/OP anrapò ak vizit Dijans yo te gen anvan yo.

### Politik

Tanpri gade Dokiman Siplementè a ki nan Politik sa a pou jwenn yon lis tout founisè, ki pa etablisman lopital AH, ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal nan etablisman lopital AH la, epi li presize ki founisè ki konsène nan Politik Èd Finansye sa a epi sa ki pa konsène yo. Ou ka jwenn aksè nan lis founisè ki nan Dokiman Siplementè Politik la sou entènèt nan sit entènèt etablisman lopital AH la. Ou ka jwenn yon kopi sou papye gratis nan Depatman Sèvis Finansye Pasyan etablisman lopital AH la.

Yo fè Mizajou nan lis founisè a chak twa mwa pou ajoute enfòmasyon ki nouvo oswa ki manke, pou korije enfòmasyon ki gen erè, epi pou efase enfòmasyon ki perime. W ap jwenn dat Mizajou ki pi resan an nan lis founisè a.

Yon etablisman lopital AH ka mete non doktè endividiyèl, gwoup kabinè yo oswa tout lòt antite ki bay swen dijans oswa swen ki nesesè pou rezon medikal nan etablisman lopital AH la nan lis la selon non yo itilize swa pou fè kontra ak lopital la oubyen pou faktire pasyan yo pou swen yo bay yo.

A. Yo ka konsidere swen dijans oswa swen moun pa chwazi fè ki nesesè pou rezon medikal pou èd finansye si yon pasyan prezante ak nenpòt nan kondisyon ki annapre la yo:

1. Pa gen kouvèti asirans tyès pati ki disponib.
2. Pasyan an deja kalifye pou èd (pa egzanp Medicaid), men sèvis presi li bezwen yo pa kouvri.
3. Yo fin itilize tout avantaj Medicare oswa Medicaid yo epi pasyan an pa gen okenn lòt mwayen anplis pou l peye.
4. Pasyan an gen asirans men li kalifye pou èd baze sou bezwen finansye ki gen rapò ak balans moun lan rete dwe apre l fin itilize asirans li.
5. Pasyan ranpli kondisyon òganis byenfezans onivo lokal yo ak/oswa onivo Eta a.
6. Pasyan yo ka aplike pou èd finansye annakò avèk direktiv yo ki prevwa nan Politik sa a.

B. Politik Èd Finansye yo, Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye yo, ak Rezime nan Langaj Klè yo sou Politik Èd Finansye yo se dokiman transparan epi yo disponib pou moun yo sèvi yo nan nenpòt moman nan seri swen konplè y ap resevwa nan lang ki apwopriye pou zòn sèvis AH la, an konfòmite avèk Lwa sou Sèvis Èd pou Lang lan, epitou yo disponib nan lang prensipal yo pale nan tout popilasyon ki pa fin pale Anglè twò byen ki reprezante kantite pi piti a ant 1,000 moun oswa 5% manm nan kominate etablisman lopital AH la sèvi a (popilasyon ki pa fin pale Anglè twò byen ki ranpli kritè yo ki anwo a, yo pral rele yo nan rès dokiman politik sa a popilasyon ki defini kòm LEP).

### Politik

1. Sit entènèt: Etablisman lopital AH yo pral pibliye vèsyon konplè ak aktyèl fòmilè ki annapre la yo byen aklè epi yon fason pou tout moun kapab wè yo sou sit entènèt yo chak:
  - a. Politik Èd Finansye (FAP)
  - b. Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye (Fòmilè FAA)
  - c. Rezime nan Langaj Klè sou Politik Èd Finansye (PLS)
  - d. Enfòmasyon pou kontakte Konseye Finansye etablisman AH yo.
2. Sit entènèt la pral endike ke yon kopi FAP a, Fòmilè FAA a, ak PLS lan disponib ak kijan pou w jwenn kopi sa yo nan lang prensipal popilasyon ki defini kòm LEP yo.
3. Siyalizasyon yo pral afiche nan espas publik lokal etablisman lopital AH yo kote tout moun ka wè yo, sa gen ladan tout pwen admisyon yo ak zòn anrejistreman yo, epi sa gen ladan Depatman Dijans lan. Tout siyalizasyon ki endike ka gen yon èd finansye ki disponib ap gen ladan eleman ki annapre la yo:
  - e. Adrès sit entènèt etablisman lopital la kote yo ka jwenn aksè nan FAP, PLS, ak Fòmilè FAA a
  - f. Nimewo telefòn ak espas fizik (nimewo sal) ke moun yo kapab rele oswa ale pou yo jwenn kopi FAP, Fòmilè FAA oswa PLS lan osinon pou yo jwenn plis enfòmasyon sou FAP, PLS lan, osinon pwosesis aplikasyon an.
4. Enfòmasyon kontak pou konnen kijan ak kikote moun ki manm nan popilasyon ki defini kòm LEP yo ka jwenn kopi FAP, Fòmilè FAA, ak PLS lan. Chak etablisman lopital AH ap mete kopi papye FAP a, Fòmilè FAA a ak PLS lan disponib sou demann epi san frè, alafwa nan espas publik yo nan etablisman lopital la (sa gen ladan nan Depatman Dijans lan ak nan tout zòn admisyon ak anrejistreman yo) ak pa lapòs. Kopi papye yo ap disponib an Anglè ak nan lang prensipal nenpòt popilasyon ki defini kòm LEP yo. Y ap ofri pasyan yo yon kopi PLS lan nan kad pwosesis admisyon oubyen egzeyat la.
5. Vizit Konseye Finansye yo: Konseye finansye yo pral chèche bay konsèy finansye pèsonèl pou tout moun ki entène nan yon lopital AH ki klase kòm moun ki peye pou pwòp tèt yo. Y ap itilize entèprèt, jan sa endike a, pou pèmèt gen bon jan komunikasyon avèk moun ki pa fin pale Anglè twò byen yo. Y ap mete kritè kalifikasyon yo ak enfòmasyon sou rabè yo disponib pou èd finansye a.
6. Yo dwe distribye PLS lan ba manm nan kominate ke etablisman lopital AH lan sèvi a yo nan yon fason ki kalkile lojikman pou rive atenn manm sa yo nan kominate a ki gen plis chans bezwen èd finansye. Yon egzanp se ta distribisyon kopi PLS lan bay òganizasyon yo nan kominate a ki abòde bezwen sante popilasyon ki gen revni fèb yo.
- c. Ni AH ni moun li sèvi, yo chak gen responsabilite pou pwosesis jeneral yo anrapò ak prestasyon èd finansye a.

### Politik

1. Responsablite AH:
  - a. AH gen yon politik èd finansye pou evalye ak detèmine kalifikasyon yon moun pou èd finansye.
  - b. AH gen yon mwayen pou fè konnen ak kominike lajman disponiblite èd finansye pou tout moun nan yon fason ki ankouraje tout patisipasyon moun lan nèt.
  - c. Manm mendèv AH nan Sèvis Finansye Pasyan yo ak zòn Anrejistreman yo konprann politik èd finansye AH la epi yo kapab diriye kesyon konsènan politik la bay rezantantan apwopriye yo nan lopital la.
  - d. AH egzije pou mete nan tout kontra ak ajan tyès pati ki kolekte bòdwo onon AH, dispozisyon kontra alekri ki gen fòs legal ki prevwa ke ajan sa yo pral respekte politik èd finansye AH la.
  - e. Depatman Sik Revni AH la responsab sipèvizon òganizasyonèl prestasyon èd finansye a ak politik/pwoesis ki kontwole èd finansye a ansam ak pwoesis pou bòdwo yo ak koleksyon lajan yo.
  - f. Apre li resewwa demann moun lan fè pou èd finansye a, AH enfòme moun lan de desizyon I pran sou kalifikasyon an nan yon delè ki rezonab.
  - g. AH bay opsyon pou fè aranjman pou peman yo.
  - h. AH konfime ak respekte dwa moun lan genyen pou fè apèl kont desizyon yo epi chèche pou yo rekonsidere desizyon yo.
  - i. AH konsève (epi li egzije pou kontraktè faktirasyon yo konsève) dokiman ki soutni òf, aplikasyon ak prestasyon èd finansye yo pandan yon peryòd omwen sèt ane.
  - j. AH pral revize epi entegre regilyèman gid federal sou povrete pou mizajou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pibliye yo.
2. Responsablite Chak Pasyan
  - a. Pou yo kapab konsidere I pou yon rediksyon 100% frè yo dapre politik èd finansye a, moun lan dwe kolabore avèk AH pou bay enfòmasyon ak dokiman ki nesesè pou aplike pou lòt resous finansye ki deja egziste ki ka disponib pou peye pou swen sante, tankou Medicare, Medicaid, responsablite tyès pati, elatriye.
  - b. Pou yo kapab konsidere I pou yon rediksyon 100% frè yo dapre politik èd finansye a, moun lan dwe bay AH enfòmasyon finansye ak lòt enfòmasyon ki nesesè pou detèmine kalifikasyon (sa gen ladan pou li ranpli fòmilè aplikasyon yo mande yo epi kolabore konplètman nan pwoesis kòlèk ak evalyasyon enfòmasyon yo).

### Politik

- c. Yon pasyan ki peye pou pwòp tèt li ki pa kalifye pou yon rediksyon 100% frè yo baze sou bezwen finansye, yo p ap faktire pasyan sa a plis pase kantite lajan yo konn fè moun ki gen asirans ki kouvrir swen sa yo peye nòmalman epi pasyan an pral kolabore avèk lopital la pou mete an plas yon plan peman rezonab.
- d. Yon pasyan ki peye pou pwòp tèt li ki pa kalifye pou yon rediksyon 100% frè yo baze sou bezwen finansye dwe fè efò an tout bòn fwa pou I respekte plan peman yo te mete an plas yo pou I peye bòdwo lopital li yo. Moun lan responsab enfòme AH san pèdi tan si gen nenpòt chanjman nan sitiyasyon finansye li dekwa pou yo ka evalye enpak chanjman sa a parapò ak politik èd finansye yo ki kontwole prestasyon èd finansye a, bòdwo lopital li yo oswa dispozisyon plan peman yo.
- e. Desizyon sou kalifikasyon pou èd finansye yo ak pwosesis pou aplike pou èd finansye yo pral san patipri, lojik epi y ap fèt san pèdi tan.
- 1. Idantifikasiyon moun ki gen chans kalifye yo. Demann pou èd finansye pral egzekite jiska 240 jou apre dat yo te remèt premye relve bòdwo apre egzeyat la ba moun lan swa pa lapòs oswa ak prezantasyon bòdwo elektwonik.
  - a. Pwosesis anrejistreman ak avan anrejistreman yo favorize idantifikasiyon moun ki bezwen yon èd finansye.
  - b. Konseye finansye yo pral fè meyè efò yo pou kontakte pandan dewoulman sejou yo oswa nan moman egzeyat yo tout pasyan entène ki peye pou pwòp tèt yo.
  - c. Y ap ofri PLS etablisman lopital AH la ansanm ak Fòmilè FAA a bay chak moun lè y ap entène oswa lè y ap ba I egzeyat nan etablisman lopital la.
  - d. Y ap mete yon avi alekri byen vizib sou tout relve bòdwo yo ki konseye ak enfòme benefisyè yo sou disponiblite yon èd finansye dapre FAP etablisman lopital AH la epi ki gen ladan sa ki annapre la yo:
    - 1) nimewo telefòn biwo oswa depatman etablisman lopital AH la ki ka bay enfòmasyon sou FAP an ak pwosesis pou aplikasyon pou èd finansye a; ak 2) adres sit entènèt kote yo kapab jwenn kopi FAP an, Fòmilè FAA a, ak PLS lan.
- e. Yo pral eseye nan fason rezonab pou enfòme moun yo nan bouch osijè FAP etablisman lopital AH la ak kijan moun lan ka jwenn èd pou Fòmilè ak pwosesis FAA a.
- f. Yo pral bay moun lan omwen yon avi alekri (avi sou aksyon yo ka petèt pran), ansanm ak yon kopi PLS lan, ki konseye ak enfòme moun lan ke èd finansye disponib pou moun ki kalifye yo, epi ki endike ke lopital la ka pran aksyon pou rapòt enfòmasyon negatif sou moun lan bay ajans rapò kredi konsomatè/ biwo kredi oswa angaje lòt aksyon koleksyon ekstraòdinè byen presi si moun lan pa soumèt yon Fòmilè FAA oswa li pa peye kantite lajan li dwe a nan yon dat limit byen presi. Dat limit sa a pa ka pi bonè pase 120 jou apre yo fin voye premye relve bòdwo apre egzeyat la bay moun lan. Yo dwe remèt moun lan avi a omwen 30 jou anvan dat limit ki presize nan avi a.

## Èd Finansye

## CW F 50.1

### Politik

2. Demann pou Èd Finansye. Yo ka resewva demann pou èd finansye yo apati plizyè sous (sa gen ladan pasyan an, yon manm fanmi, yon òganizasyon kominotè, yon legliz, yon ajans koleksyon, responsab swen, Administrasyon, elatriye).
  - a. Yo pral voye demann yo resewva nan men tyès pati yo bay yon konseye finansye.
  - b. Konseye finansye a pral travay avèk tyès pati a pou bay resous ki disponib pou ede moun lan nan pwosesis aplikasyon an.
  - c. Lè li mande sa, yo pral bay moun ki mande yon deskripsyon alekri sou estimasyon frè yo yon lèt ki gen estimasyon frè yo.
3. Kritè Kalifikasyon yo
  - a. Pou kalifye pou yon rediksyon 100% frè aplikab yo (sa vle di anilasyon total pou pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ak anilasyon total pati responsablite pasyan an nan frè yo apre asirans lan fin peye), revni fwaye moun lan dwe nan nivo oswa pi ba ke 200% Gid Federal sou Povrete nan moman an. Pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki gen revni fwaye yo ki depase 200% Gid Federal sou Povrete nan moman an, yo p ap fè pasyan sa yo peye plis pase kantite lajan yo konn fè moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye nòmalman.
  - b. Kantite lajan yo fè nenpòt moun ki kalifye pou FAP pou ijans oswa tout lòt swen ki nesesè pou rezon medikal yo peye ap baze sou kantite lajan (AGB) yo konn fè moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye nòmalman nan chak lopital AH byen presi. Pou detèmine AGB li yo chak etablisman lopital AH ap detèmine yon pouvantaj AGB epi miltipliye pouvantaj sa a pa frè bri yo pou sèvis yo bay moun lan. Tout etablisman lopital AH yo pral itilize metòd retwospeksyon jan sa dekri nan §1.501(r)-5(b)(3) pou detèmine AGB a. Moun yo ka kontakte yon manm ekip Sèvis Finansye Pasyan lopital AH ki konsène a nan yon nimewo telefòn ki endike sou yon pyès jwent politik sa a pou yo jwenn yon fèy enfòmasyon ekri gratis ki endike pouvantaj AGB etablisman lopital AH ki konsène a ansanm ak yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine pouvantaj AGB a.
  - c. Frè pou yon moun ki kalifye pou èd finansye dapre FAP etablisman lopital AH la pou nenpòt sèvis medikal pral mwens ke frè bri pou swen sa yo.
  - d. Si limit èd finansye maksimòm 200% an bezwen ogmante akoz kondisyon byen presi sou mache a (sa gen ladan konkirans ak relasyon piblik), reprezentan antite a dwe prezante eksepsyon an bay Komite AdventHealth Senior Hospital Finance Group (SHFG) pou yo bay otorizasyon.
  - e. Anplis de yon evalyasyon nivo revni jan sa endike anwo a, yon egzamen resous byen ochwa ka aplike tou pou detèmine kalifikasyon pou èd finansye
    - a. Yon egzamen byen obligatwa pou pasyan Medicare yo sèlman. Yon egzamen byen pa obligatwa pou pasyan Medicare pa kouvri yo. Nan objektif politik sa a, kantite responsablite pasyan an se 100% pòsyon pasyan an, san li pa depase montan ki PI GWO ant: 1) Sèt pouzan (7%) nan Byen ki disponib oswa 2) Peman obligatwa dapre Politik Èd Finansye a. Yo defini "Byen ki disponib" kòm lajan kach, ekivalan lajan kach ak envestisman ki pa pou retrèt.

### Politik

- f. Lè y ap detèmine revni yon moun, kondisyon annapre la yo aplike:
- i. Gwosè fwaye a ak revni fwaye a gen ladantout manm fanmi pwòch ak lòt depandan nan fwaye a nan fason konsa:
1. Yon granmoun epi, si li marye, yon mari/madanm.
  2. Tout timoun minè natirèl oswa adopte granmoun lan oswa mari/madanm lan genyen.
  3. Nenpòt minè ke yon tribinal te ba granmoun oswa mari/madanm lan responsabilite legal la pou li.
  4. Nenpòt etidyan ki gen plis ke 18 lane, ki depann de fanmi an pou plis ke 50% sipò (li obligatwa pou granmoun responsab la bay deklarasyon taks aktyèl li).
  5. Tout lòt moun ki depann de revni fanmi an pou plis ke 50% sipò (li obligatwa pou granmoun responsab la bay deklarasyon taks aktyèl li).
- g. Pou verifye revni an, yo ka itilize yon eta finansye pèsònèl oswa yo ka jwenn kopi Fòmilè W-2 ki pi resan kandida a, Fòmilè 1040 ki pi resan, relve bank oswa nenpòt lòt fòm dokiman ki soutni rapò revni an.
- h. Yo dwe konsève nan dosye pasyan an dokimantasyon ki soutni verifikasyon revni an ak Byen ki disponib yo kòm referans pou pi devan.
- i. Yo ka pran yon rapò sou kredi pou yo ka idantifye depans, obligasyon ak revni anplis yo pou ede pi byen konprann sikorans finansye moun lan nèt. Yo ka itilize yon zouti notasyon tyès pati pou jistifye kalifikasyon pou èd finansye a.
- j. Yo pral konsidere fòmilè aplikasyon pou èd finansye yo jiska 240 jou apre yo fin remèt premye relve bòdwo apre egzeyat la bay pasyan an oswa lè yo detèmine yon chanjman nan sitiyasyon finansye pasyan an. Yo pa oblige refè yon aplikasyon pou èd finansye pou dat sèvis ki fèt jiska twa (3) mwa apre dènye dat yo te apwouye aplikasyon an.
- k. Kalifikasyon prezime: Si pa gen yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki ranpli, yo ka konsidere kòm moun ki kalifye pou èd finansye ki pi charitab moun ki pa gen asirans epi ki reprezante ak youn oswa plizyè kritè ki annapre la yo:
- Moun lan sanzabri;
  - Moun lan mouri epi li pa gen okenn byen yo konnen ki kapab peye dèt lopital yo;
  - Moun lan nan prizon pou yon krim;
  - Moun lan kalifye pou Medicaid aktyèlman, men li pa te kalifye nan dat sèvis la;
  - Eta a kalifye moun lan pou I resevwa èd dapre Lwa sou Dedomajman Viktim Krim Vyolans oswa Lwa sou Dedomajman Viktim Agresyon Seksyèl;

### Politik

- Moun lan gen yon nòt risk peman nan “D” oswa “E” baze sou aplikasyon Scorer® lan. Aplikasyon Scorer lan se yon zouti ki fêt pou klase moun nan divès gwoup selon mwayen ekonomik yo. Nòt yo gen ladan algoritm ki entegre done ki soti nan biwo kredi, bazdone demografik, ak done byen presi pou lopital pou dedui ak klase moun nan kategori mwayen ekonomik ki apwopriye pou sitiyasyon yo. Alaplas itilizasyon aplikasyon Scorer lan, yo ka itilize nòt biwo kredi tou pou detèmine kalifikasyon prezime selon jijman lopital la.
- Yo te detèmine moun lan kalifye pou èd finansye nenpòt lè andedan peryòd twa mwa anvan an ki kòmanse apre dat yo te apwouve dènye aplikasyon pou èd finansye a. Pou nenpòt moun yo sipoze ki kalifye pou èd finansye dapre politik sa a, menm aksyon ki dekri nan Seksyon D sa a ak nan tout politik sa a ta aplike kòmsi moun lan te soumèt yon Fòmilè Aplikasyon ki ranpli pou Èd Finansye.
  - Metòd pou Aplikasyon pou Èd Finansye
    - Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AH la. Pou aplike pou èd finansye, moun lan ap ranpli Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AH la. Moun lan ap bay tout done sipò ki nesesè pou verifye kalifikasyon li, sa gen ladan dokiman sipò pou verifye revni li. Gade nan Machaswiv Aplikasyon Èd Finansye pou CWF 50.1 pou w konnen fòm dokiman ki akseptab yo.
    - Pou li jwenn yon kopi Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AH la, yon moun ka ale sou sit entènèt lopital AH yo, li ka mande yon kopi gratis pa lapòs, li ka kontakte depatman Sèvis Finansye Pasyan lopital AH yo, oswa li ka mande yon kopi an pèsòn nan nenpòt nan lokal admisyon/anrejistreman pasyan nan lopital AH yo.
    - Y ap soumèt yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AH ranpli bay Sèvis Finansye Pasyan pou yo travay sou li. Yo pral mande moun lan prèv revni ak byen ki disponib yo. Anplis, benefisyè Medicare yo ka sibi yon tès anplis pou byen yo annakò avèk lwa federal. Yo fè yon evalyasyon pou detèmine kalifikasyon moun lan baze sou resous total moun lan (sa gen ladan, men pa sèlman, nivo revni fanmi an, byen yo (jan sa egzijib pou pasyan Medicare yo) ak lòt enfòmasyon aplikab yo).
  - Aksyon yo ka pran Sizoka Peman pa Fèt: Apre yon peryòd 120 jou ki kòmanse apre dat yo voye premye relve bòdwo apre egzeyat la bay yon moun, yon etablisman AH ka rapòte dèt ki pa peye pou swen yo te bay yon moun ba ajans rapò kredi konsomatè yo oswa biwo kredi yo, oswa vann dèt ki konsidere kòm yon aksyon koleksyon ekstraòdinè (ECA) (tanpri gade Seksyon F. 6. nan Politik la), oswa angaje yo nan nenpòt lòt ECA byen presi sèlman apre yo fin bay moun lan notifikasiyon annapre la yo omwen 30 jou anvan yo antreprann nenpòt ECA: 1) yo bay moun lan yon avi alekri, ansanm ak PLS lan ki endike gen èd finansye disponib pou moun ki kalifye epi ki deklare ECA byen presi yo ka antreprann apre yon dat limit ki presize

### Politik

(dat limit lan pa ka pi bonè pase 30 jou apre yo bay avi alekri a), epi 2) yo te fè yon tantativ rezonab pou enfòme yon moun aloral sou FAP etablisman lopital AH la ak kijan moun lan ka jwenn èd pou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a.

- a. Pa gen Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki Soumèt: Si pa gen okenn Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki soumèt nan peryòd 120 jou ki annapre dat apre te voye premye relve bòdwo apre egzeyat la bay moun lan epi dat limit ki presize nan avi alekri a fin pase, etablisman AH la ka antreprann yon ECA.
- b. Fòm Aplikasyon pou Èd Finansye yo Soumèt la pa Konplè: Si yon moun soumèt yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki pa konplè pandan peryòd 240 jou ki vini apre dat yo te voye premye relve bòdwo apre egzeyat la ba moun lan (peryòd aplikasyon an), lopital AH la dwe pran dispozisyon ki annapre la yo:
  - i. Sispann nenpòt ECA;
  - ii. Bay moun lan yon avi alekri ki dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman anplis ki nesesè dapre Politik Èd Finansye a oswa Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ke moun lan dwe soumèt nan yon delè rezonab epi ki gen ladan enfòmasyon kontak, sa gen ladan nimewo telefòn ak lokal fizik biwo oswa depatman etablisman lopital AH lan ki ka bay enfòmasyon sou FAP an, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte yon biwo oswa depatman etablisman lopital la ki ka bay èd pou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a oswa, kòm lòt chwa, yon òganizasyon ki pa pou pwofesi oswa yon ajans leta ki ka bay èd pou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a si etablisman lopital AH la pa kapab fè sa;
  - iii. Si Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye a pa ranpli nan delè rezonab ki mansyone anwo a, lopital la ka antreprann oswa kontinye ECA a. Dwa sezi ki lye ak asirans (machin, responsablite, vi ak sante) ki reprezante kantite lajan yon moun etablisman lopital AH lan bay swen ka dwe akoz blesi pèsònèl li te sibi, yo otorize dwa sezi sa yo nan zafè pwosesis koleksyon an. Yo p ap depoze okenn lòt jijman pèsònèl oswa dwa sezi kont moun ki kalifye pou FAP yo.
- c. Aplikasyon pou Èd Finansye yo Soumèt la Konplè: Si yon moun soumèt yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki konplè pandan peryòd aplikasyon an (240 jou apre yo voye premye relve bòdwo apre egzeyat la), lopital AH la dwe pran dispozisyon ki annapre la yo:
  - i. Sispann nenpòt ECA.
  - ii. Sispann nenpòt aktivite koleksyon pandan y ap egzamine yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AH ki ranpli. Y ap ekri yon nòt nan kont pasyan an pou sispann aktivite koleksyon an jiskaske pwosesis èd finansye a fin fèt. Si yo te mete kont lan nan yon ajans koleksyon, yo pral enfòme ajans lan pou i sispann efò koleksyon yo jiskaske yo pran yon desizyon. Notifikasyon sa a pral dokimante nan nòt kont lan.

### Politik

- iii. Pran ak dokimante desizyon konsènan kalifikasyon yon moun pou èd finansye.
- iv. Enfòme moun lan alekri nan yon delè rezonab sou desizyon yo pran sou kalifikasyon an ak sou kisa yo baze pou pran desizyon an, an jeneral nan 60 jou oplita, apre yo fin resevwa yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki ranpli.
- v. Bay moun lan yon relve bòdwo (ki pa obligatwa lè balans relve bòdwo an se \$0) ki endike kantite lajan moun lan dwe antanke moun ki kalifye pou FAP epi ki dekri kijan moun lan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB pou swen yo ak kòman etablisman lopital AH la te detèmine kantite lajan moun lan dwe a.
- vi. Ranbouse moun lan nenpòt peman anplis ki fèt.
- vii. Pran tout dispozisyon rezonab ki disponib pou anile nenpòt ECA ki te pran kont moun lan.
- viii. Bay nenpòt moun yo detèmine ki pa kalifye pou FAP yon notifikasyon alekri pou refi epi mete ladan yon rezon pou refi a ansam ak yon pwosesis ak enfòmasyon kontak pou yo fè yon apèl. Si yon moun pa dakò ak desizyon ki pran pou refize bay èd finansye a, moun lan ka mande yon apèl alekri nan 45 jou oplita apre refi a. Apèl la dwe gen ladan nenpòt lòt enfòmasyon aplikab anplis ki ka ede fè evalyasyon apèl la. Komite Èd Finansye a ap egzamine chak mwa demann pou apèl kont refi yo. Yo pral kominike ba moun lan desizyon Komite Èd Finansye a pran nan 60 jou oplita apre revizyon Komite a epi desizyon yo pral reflete desizyon final Komite a.
- ix. Lè li resevwa yon fòmilè FAA ki konplè, etablisman lopital AH la ka ranvwaye desizyon li sou kalifikasyon yon moun dapre FAP etablisman an si moun lan te soumèt yon aplikasyon pou èd Medicaid jiskaske yo fin detèmine kalifikasyon li pou Medicaid.

### E. Responsablite Sèvis Finansye Pasyan

- 1. Komite Èd Finansye: Komite Èd Finansye lopital la ap egzamine chak mwa yon rezime aplikasyon pou èd finansye yo ak rekòmandasyon konèks Sèvis Finansye Pasyan an te trete yo. Komite Èd Finansye a egzamine tout rekòmandasyon pou èd finansye yo, avèk yon revizyon ki konsantre sou demann limit oswa demann ki pa kouran ki mande revizyon selon ka a.
- 2. Komite Èd Finansye a dwe apwouve prestasyon èd finansye ki depase \$10,000.
- 3. Apre revizyon ak apwobasyon Komite Èd Finansye a, Sèvis Finansye Pasyan pral aplike èd finansye ki apwouve a nan kont moun lan.

### Politik

4. Sèvis Finansye Pasyan responsab pou yo detèmine si lopital la te fè efò rezonab pou detèmine si yon moun kalifye pou FAP ak si lopital la ka pran aksyon pou angaje nenpòt ECA.
5. Ajans faktirasyon ki gen kontra avèk AH pou sèvis koleksyon yo ap respekte politik èd finansye sa a pou sa ki konsène tout zafè faktirasyon ak koleksyon yo.
6. Yo konsidere kòm yon ECA lavant dèt yon moun ba yon tyès pati (eksepte lavant ki pa ECA jan sa dekri anba la), epi yo pa dwe antreprann lavant lan jiskaske yo fini swiv etap obligatwa yo ki endike anwo a nan Seksyon D. Nenpòt akò lavant dèt ki pwopoze dwe gen apwobasyon CFO Rejyonal AH ki aplikab la epi yo dwe soumèt li nan Pwosesis Revizyon Kontra AH anvan yo egzekite I. Yo pa konsidere sèten lavant dèt kòm ECA. Lavant dèt ki pa ECA yo egzije pou etablisman lopital AH lan konkli yon akò alekri ki gen fòs legal avèk achtè dèt la ki presize sa ki annapre la yo:
  - a. Achtè a pa ka angaje nan okenn ECA;
  - b. Yo entèdi achtè a fè moun peye enterè sou dèt la ki depase yon to IRS etabli;
  - c. Etablisman lopital AH la ka ranbouse oswa rekilibre dèt la si li detèmine moun lan kalifye pou FAP; epi
  - d. Si dèt la pa rekilibre oswa ranbouse, achtè a dwe asire ke moun lan pa peye plis pase sa li responsab pèsonèlman kòm yon moun ki kalifye pou FAP.
- F. Plan Peman Endividyèl yo
  1. Y ap devlope plan peman pou pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ke yo fè peye AGB avèk chak pasyan apa. Tout aktivite koleksyon yo ap fèt an konfòmite avèk lwa federal ak lwa ki kontwole pratik koleksyon dèt yo. Pa gen okenn enterè ki pral akimile sou balans kont yo pandan peman yo ap fèt sòf si moun lan te chwazi volontèman pou li patisipe nan yon aranjman peman alontèm ki gen enterè ke yon ajan finansman tyès pati deyò mete sou li.
  2. Si yon moun konfòme li avèk kondisyon ki nan plan peman ki devlope apa pou li a, yo p ap pran okenn aksyon koleksyon kont li.
    - g. Konsèvasyon Dosye
      1. Y ap konsève yon dosye, sou papye oswa elektwonik ki montre otorizasyon pou èd finansye a ansanm ak kopi tout fòmilè aplikasyon ak fèy kalkil yo.
      2. Y ap konsève pandan yon peryòd sèt ane enfòmasyon rezime konsènan aplikasyon yo trete ak èd finansye yo bay yo. Enfòmasyon rezime yo gen ladan kantite pasyan ki te aplike pou èd finansye nan AH, konbyen pasyan ki te resevwa èd finansye, kantite èd finansye yo bay chak pasyan, ak bòdwo total pou chak pasyan.

### Politik

3. Yo pral rapòte pri èd finansye a chak ane nan Rapò Avantaj Kominotè a. Yo pral rapòte Èd Finansye a (Swen Byenfezans) kòm pri swen yo bay (pa kòm frè) pa mwayen depans fonksyònman ki pi resan ki disponib ak rapò pri/frè ki lye ak depans sa yo.  
H. Sibòdone a Lalwa: Prestasyon èd finansye a kapab depann de lalwa onivo federal, eta oswa lokal kounye a oswa alavni. Lalwa sa aplike nan limit li enpoze egzijans ki pi estrik pase politik sa a.

Donald L. Jernigan, Prezidan/Direktè Jeneral

13 novanm 2015 (Anvigè 1ye janvye 2016 Dat Kreyasyon: Mas 2006

Dat Revizyon an: 26 Fevriye 2008

18 Desanm 2008

13 novanm 2014 Revize ak Konfime: N

**Soumèt dokiman asistans finansye pandan wap itilize kowòdone AdventHealth ki vini  
annapre aAdrès Paj Entènèt AdventHealth Asistans Finansye: [www.adventhealth.com/legal/financial-assistance](http://www.adventhealth.com/legal/financial-assistance)**

LOKAL SÈVIS	ENFÒMASYON POSTAL	TELEFÒN / FAKS
<b>Altamonte Springs</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Apopka</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Celebration</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>East Orlando</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Kissimmee</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Orlando</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Winter Garden</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Winter Park</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>For Children</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>For Women</b>	Patient Financial Services PO BOX 538815 Orlando, FL 32853-9902	Telefòn: 407-303-0500 Faks: 407-200-4977
<b>Heart of Florida</b>	Patient Financial Services PO BOX 865836 Orlando, FL 32886-5836	Telefòn: 866-481-2553 Faks: 941-341-3717
<b>Lake Wales</b>	Patient Financial Services PO BOX 865836 Orlando, FL 32886-5836	Telefòn: 866-481-2553 Faks: 941-341-3717

<b>Daytona Beach</b>	Patient Financial Services 770 West Granada Blvd Ste 203 Ormond Beach, FL 32174	Telefòn: 888-676-2219 Faks: 386-676-2560
<b>DeLand</b>	Patient Financial Services 770 West Granada Blvd Ste 203 Ormond Beach, FL 32174	Telefòn: 888-676-2219 Faks: 386-676-2560
<b>Fish Memorial</b>	Patient Financial Services 770 West Granada Blvd Ste 203 Ormond Beach, FL 32174	Telefòn: 888-676-2219 Faks: 386-676-2560
<b>New Smyrna Beach</b>	Patient Financial Services 770 West Granada Blvd Ste 203 Ormond Beach, FL 32174	Telefòn: 888-676-2219 Faks: 386-676-2560
<b>Palm Coast</b>	Patient Financial Services 770 West Granada Blvd Ste 203 Ormond Beach, FL 32174	Telefòn: 888-676-2219 Faks: 386-676-2560
<b>Waterman</b>	Patient Financial Services 1000 Waterman Way Tavares, FL 32778	Telefòn: 352-253-3311 Faks: 352-253-3735
<b>Carrollwood</b>	Patient Financial Services PO Box 861372 Orlando, FL 32886-1372	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Dade City</b>	Patient Financial Services PO Box 865667 Orlando, FL 32886-5667	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Lake Placid</b>	Patient Financial Services PO Box 9400 Sebring, FL 33871 Attn: MB 3	Telefòn: 863-386-7177 Faks: 863-402-3389
<b>Connerton</b>	Patient Financial Services PO Box 861372 Orlando, FL 32886-1372	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>North Pinellas</b>	Patient Financial Services PO Box 862624 Orlando, FL 32886-2624	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Ocala</b>	Patient Financial Services PO Box 865696 Orlando, FL 32886-5696	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Sebring</b>	Patient Financial Services PO Box 9400 Sebring, FL 33871 Attn: MB 3	Telefòn: 863-386-7177 Faks: 863-402-3389

<b>Tampa</b>	Patient Financial Services 12470 Telecom Dr., Ste. 200 Tampa , FL 33637	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Wauchula</b>	Patient Financial Services PO Box 9400 Sebring, FL 33871 Attn: MB 3	Telefòn: 863-386-7177 Faks: 863-402-3389
<b>Wesley Chapel</b>	Patient Financial Services PO Box 864855 Orlando, FL 32886-4855	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Zephyrhills</b>	Patient Financial Services PO Box 862310 Orlando, FL 32886-2310	Telefòn: 813-615-7848 Faks: 813-615-8182
<b>Durand</b>	Patient Financial Services 7315 E. Frontage Road, Suite 200 Shawnee Mission, KS 66204	Telefòn: 913-676-7558 Faks: 913-676-7571
<b>Ottawa</b>	Patient Financial Services 7315 E. Frontage Road, Suite 200 Shawnee Mission, KS 66204	Telefòn: 913-676-7558 Faks: 913-676-7571
<b>Shawnee Mission</b>	Patient Financial Services 7315 E. Frontage Road, Suite 200 Shawnee Mission, KS 66204	Telefòn: 913-676-7558 Faks: 913-676-7571
<b>South Overland Park</b>	Patient Financial Services 7315 E. Frontage Road, Suite 200 Shawnee Mission, KS 66204	Telefòn: 913-676-7558 Faks: 913-676-7571
<b>Manchester</b>	Patient Financial Services 54 Brownsberger Circle Fletcher, NC 28732	Telefòn: 800-347-5281 Faks: 828-650-8080
<b>Murray</b>	Patient Financial Services 54 Brownsberger Circle Fletcher, NC 28732	Telefòn: 800-347-5281 Faks: 828-650-8080
<b>Gordon</b>	Patient Financial Services 54 Brownsberger Circle Fletcher, NC 28732	Telefòn: 800-347-5281 Faks: 828-650-8080
<b>Hendersonville</b>	Patient Financial Services 54 Brownsberger Circle Fletcher, NC 28732	Telefòn: 800-347-5281 Faks: 828-650-8080
<b>Central Texas</b>	Patient Financial Services 2201S. Clear Creek Road Killeen, TX 76549	Telefòn: 254-519-8476 Faks: 254-519-8488
<b>Rollins Brook</b>	Patient Financial Services 608 N. Key Avenue Lampasas, TX 76550	Telefòn: 254-519-8476 Faks: 254-519-8488

<b>Redmond</b>	Patient Financial Services PO Box 290429 Nashville, TN 37229-0429	Telephone: 855-877-1355 Faxes: 866-908-8875
<b>Texas Health Huguley</b>	Patient Financial Services 11801 South Freeway Burleson, TX 76028	Telephone: 817-551-2739 Faxes: 817-551-2740
<b>Texas Health Mansfield</b>	Patient Financial Services 2300 Lone Star Road Mansfield, TX 7603-8744	Telephone: 682-341-5028 Faxes: 682-341-5029